

KONPAREZON VAKSEN POU COVID-19 YO



Se Divizyon Sante Piblik Delaware a ki bay enfòmasyon sa yo sou baz enfòmasyon ki pi resan konsènan vaksen pou COVID-19 yo ki disponib kounyeya.

Tout twa vaksen yo genyen lejè diferans, men yo tout te pwouve ke yo wotman efikas nan prevni gwo maladi, ospitalizasyon, ak lanmò ki sot nan COVID-19 kay moun ki te patisipe nan esè klinik yo. Tablo sa a detaye diferans ant chak vaksen pou ede nou diskite sou yo avèk pasyan ou yo.

Li enpòtan pou konnen ke okenn nan vaksen pou COVID-19 yo pa enfekte kò a avèk viris vivan an. Pou ede kò a konbat viris la, yo estimile pwodiksyon antikò.

	MODERNA	PFIZER	JOHNSON & JOHNSON
Kijan li fonksyone	ARNm ⁺	ARNm ⁺	Abaz Adenoviris ⁺⁺
Fason li administre	De dòz, entèval yon mwa*	De dòz, entèval twa semèn*	Yon dòz
Limit laj	Dwe genyen 18 lane oswa plis	Dwe genyen 12 lane oswa plis	Dwe genyen 18 lane oswa plis
Fason li pwoteje selon done sou esè klinik yo	<ul style="list-style-type: none"> • 100% efikas nan anpeche lanmò • 90% efikas nan anpeche entènè lopital^{***} • 100% efikas pou anpeche maladi grav • 94.1% efikas pou anpeche moun prezante sentòm COVID-19 yo 	<ul style="list-style-type: none"> • 100% efikas pou anpeche lanmò ak entènè lopital • 99% efikas pou anpeche maladi grav • 95% efikas pou anpeche COVID-19 ki gen sentòm 	<ul style="list-style-type: none"> • 100% efikas pou anpeche lanmò ak entènè lopital • 85% efikas pou anpeche maladi grav • 72% efikas Ozetazini pou anpeche COVID-19 ki varye ant modere ak grav
Konbyen tan anvan pwoteksyon an kòmanse aplikab	<ul style="list-style-type: none"> • Kèk pwoteksyon 10 jiska 14 jou aprè premye dòz la • Pwoteksyon konplè de semèn aprè dezyèm dòz la 	<ul style="list-style-type: none"> • Kèk pwoteksyon 10 jiska 14 jou aprè premye dòz la • Pwoteksyon konplè yon semèn apre dezyèm dòz la 	<ul style="list-style-type: none"> • Kèk pwoteksyon 14 jou aprè vaksen an • Pwoteksyon konplè nan 28 jou
Pandan konbyen tan flakon vaksen an ka konsève epi nan ki tanperati pou itilizasyon/rekonstitisyon	<ul style="list-style-type: none"> • 50° jiska -15°C (-58° jiska 5°F), jele jiska dat ekspirasyon an^{***} • 2° jiska 8°C (36° jiska 46°F), refrijere pandan jiska 30 jou 	<ul style="list-style-type: none"> • -90° jiska -60°C oswa (-30° jiska -76°F), iltra-jele jiska dat ekspirasyon an^{***} • -25° jiska -15°C (-13° jiska 5°F), jele pandan jiska de semèn^{***} • Deglase nan frijidè, flakon ki pa dilye yo ka konsève 2° jiska 8°C (35° - 46°F) pandan 30 jou. Aprè dilisyon 2° jiska 25°C (35° jiska 77°F) pandan 6 èdtan apati lè dilisyon an. • Jiska 25°C (77°F) (tanperati anbyan) pandan jiska dezèdtan 	<ul style="list-style-type: none"> • 35.6° jiska 46.5°F refrijere pandan jiska twa mwa • 9° to 25°C (47° jiska 77°F) (tanperati anbyan) pandan jiska 12 èdtan
Pandan konbyen tan flakon vaksen yo ka konsève epi nan ki tanperati aprè yo retire premye dòz la	2° jiska 25°C (36° jiska 77°F) (refrijere jiska tanperati anbyan an) pandan jiska douz èdtan	Aprè dilisyon 2° jiska 25°C (35° jiska 77°F) itilize nan mwens pase sis èdtan apati lè dilisyon an	<ul style="list-style-type: none"> • 2° jiska 8°C (36° jiska 46°F), (refrijerasyon) pandan jiska sis èdtan • Maksimòm 25°C (77°F) (tanperati anbyan) pandan jiska de èdtan

* ARNm: Vaksen pou COVID-19 sa yo bay selil yo kòmandman pou fè yon moso ki san danje nan sa yo rele "pwoteyin Spike" la, ke ou jwenn sou sifas viris ki lakòz COVID-19 la. Pou sistèm iminitè nou reyaji, li fabrike antikò pou pwoteje kont enfeksyon. Pwoteyin spike la fonn epi apres a li disparèt.

** Yo antre yon ti moso materyèl jenetik ki soti nan kowonaviris la nan yon vèsyon febli yon viris rim òdinè ki rele yon adenoviris. Pou sistèm iminitè a reyaji, li chanje sistèm alam selil yo pou aktive selil iminitè ki toupre yo. Selil iminitè yo detekte pwoteyin anvayisè COVID-19 yo pou konbat enfeksyon an.

* Si li pa posib pou respekte entèval dòz yo, lasyans aktyèlman montre ke moun yo ka tann jiska 42 jou pou yo resewa dezyèm dòz la.

** Selon ospitalizasyon yon moun nan esè klinik yo.

*** Yo pa kapab jele vaksen an ankò yon fwa li deja deglase.